



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK KOMITE ELEKTORAL ETA A YO ANONSE
EGZÈSIS REJYONAL POU RANFÒSE SEKIRITE ENFÒMATIK
ENFRASTRIKTI ELEKTORAL NEW YORK YO**

Egzèsis Similasyon Ki Se Premye nan Modèl sa Li Sipòte Pa Konsèy Elektoral Eta a ak Departman Sekirite Enteryè Ameriken an; an Patenarya ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Lapolis Eta a, ak Sant Entelijans Eta a

Seri Egzèsis Rejyonal Atravè Eta a Yo Pral Konsantre sou Preparasyon pou Sekirite Enfòmatrik ak Repons a Menas kont Sistèm Elektoral yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Konsèy Elektoral Eta a (State Board of Elections) — de konsè ak Departman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) Ameriken an — yo pral òganize yon seri egzèsis similasyon ki se premye nan modèl sa ki konsantre sou pwoteje entegrite sistèm elektoral New York yo kont atak enfòmatrik yo. Nan fè patenarya ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Lapolis Eta a (State Police), ak Sant Entelijans Eta a (State Intelligence Center), egzèsis similasyon yo pral idantifye zòn pou amelyorasyon yo nan planifikasyon, preparasyon ak repons pou ensidan enfòmatrik yo atravè similasyon senaryo reyalis yo ki ap eseye redwi konfyans elektè yo, fè entèferans nan operasyon elektoral yo, epi afekte entegrite eleksyon yo.

“Nou te temwen pèsònèlman de konsekans devastatè ke yon eleksyon ki konpwomi te genyen sou nasyon nou an, epi New York pa pral rete kanpe bra kwaze epi pèmèt yo enfiltre demokrasi nou an yon lòt fwa ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Popilasyon New York lan merite yon pwosesis elektoral transparan ki lib ke yo ka kwè ladan, epi egzèsis sa yo se yon pati entegral nan retabli konfyans elektè yo ak entegrite enfrastrikti elektoral nou yo.”

Ofisyèl Eta ak lokal yo, ki dirije pa konsèy Elektoral Eta a ak nouvo Ekip Repons pou Ensidan Enfòmatrik (Cyber Incident Response Team) DHSES lan, pral itilize enfòmasyon ke yo te konpile apati sis egzèsis similasyon rejyonal pou kapab idantifye risk yo, epi devlope mezi ki nesèsè yo pou kapab sovgade pwosesis elektoral lan kont yon atak enfòmatrik. Dat ak lokal egzèsis yo anba la a:

- **31 Me:** Albany County - Times Union Center

- **6 Jen:** Monroe County - Board of Elections
- **7 Jen:** Onondaga County - Syracuse University, Dineen Hall
- **11 Jen:** Nassau County - Morrelly Homeland Security Center
- **12 Jen:** Orange County - County Department of Emergency Services
- **18 Jen:** Broome County - Floyd L. Maines Veterans Memorial Arena

Egzèsis similasyon reyonel yo pral kouvri tout jiridiksyon elektoral konte New York lan. Egzèsis yo pral similè yon nivo konsiderab, ak divès senaryo ki adapte pou chak reyon. Senaryo yo pral baze sou yon konbinezon aktivite reyèl nan mond lan yo ak risk potansyèl ke enfrastrikti elektoral nou yo ap fè fas a yo. Sa gen ladan posib manipilasyon rezo sosyo yo, pètibasyon sistèm ak pwosesis enfòmasyon enskripsyon elektè yo, machin pou moun vote yo, ak eksplwatasyon rezo biznis komite elektoral yo.

Egzèsis similasyon sa yo fè pati plan sekirite enfòmatrik Konsèy lan ke yo te apwouve nan dat 3 Me 2018, pou kapab ranfòse pi plis pwoteksyon enfòmatrik pou enfrastrikti eleksyon New York yo atravè Sant Eleksyon Sekirize (Secure Elections Center) Konsèy lan. Plan an, ki gen sounon **ARMOR** li te gen kat eleman ladan:

- **(Assess)** Evalye risk ki gen nan Sistèm Elektoral Eta ak Konte yo;
- **(Remediate)** Repare vilnerabilite yo;
- **(Monitor ongoing Operations)** Sipèviz Operasyon ki ap kontinye yo; epi
- **(Respond)** Reponn a ensidan yo;

Senatè Fred Akshar, ki se Prezidan Komite Elektoral Sena a, te deklare, “Egzèsis sa yo demontre angajman Eta a te pran pou pwoteje elektè New York yo epi asire ke Eta New York ap kontinye pran mezi prekosyonè yo pou ka sovgade sistèm elektoral nou yo. Patnè Eta, lokal ak federal yo ap kolabore aktivman pou pwoteje epi asire rezistans enfrastrikti elektoral New York yo”.

Manm Asanble a Charles Lavine, ki se Prezidan Komite Jistis Elektoral Asanble a (Assembly Election Law Committee), te deklare, “Eta New York gen yon responsabilite pou asire ke sila yo ki gen dwa pou yo vote yo kapab rete konfyan nan entegrite sistèm elektoral New York yo. Nan travay ansanm ak patnè nou yo, nou pral kontinye ranfòse epi sekirize anviwònman enfòmatrik lan nan New York epi asire konfyans piblik nan pwosesis elektoral lan”.

Todd D. Valentine, ki se Ko-Direktè Egzekitif Konsèy Elektoral Eta a, te deklare, “Jiskaprezan pa’t gen okenn rapò kredib sou pètibasyon ki te genyen nan sistèm elektoral nou yo, men nou pa ka konplezan. Nou te travay ak dilijans depi 2016 pou ka devlope yon plan ki djanm, epi egzèsis similasyon sa yo se yon pati vital nan pataj enfòmasyon ak otorite eta ak lokal yo”.

Robert A. Brehm, ki se Ko-Direktè Egzekitif Konsèy Elektoral Eta a, te deklare, “Soti depi nan kèk nan pwotokòl sekirite ki pi estrik nan nasyon an pou sistèm elektoral yo pou rive nan pran mezi pou reponn a defi ke menas enfòmatrik yo poze, Konsèy lan ap akeyi opòtinite sa pou ajoute sou relasyon li ki deja djanm ak patnè lokal, eta & federal yo pou ka pozisyon li pi byen pou pwoteje enfrastrikti elektoral eta a”.

Doktè Peter Bloniarz, ki se Direktè Egzekitif Konsèy Konsiltatif Sekirite Enfòmatrik Eta New York lan (New York State Cyber Security Advisory Board), te deklare, “Sekirite enfòmatrik se yon efò ‘mete tout men nan pat la’ ki mande travay an ekip ak patenarya ant tout nivo nan gouvènman an. Sou òdonans Gouvènè Cuomo, administrasyon li an te travay an kolaborasyon ak Konsèy Elektoral Eta ak Konte yo ak otorite federal yo pou prepare pou reponn a menas enfòmatrik aktyèl yo. Leson ke nou te aprann nan egzèsis similasyon sa yo pral ede New York kontinye rete vijilan nan pwoteje enfrastrikti elektoral li yo”.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Roger L. Parrino, Sr., te di, “Lè sitwayen yo antre nan kabin pou moun vote yo, yo vle konnen ke vòt yo an konte. Se devwa gouvènman an pou asire ke chak vòt ak chak elektè sekirize, pwosesis lan ap fonksyone, epi sistèm lan pwoteje kont enflyans ekstèn yo”.

Sipè-entandan Lapolis Eta, George P. Beach II, te deklare, “An Amerik, vòt se yonn nan dwa nou pi rancheri yo. Lapolis Eta a ansanm ak patnè ajans nou yo ki nan Eta New York yo rekonèt ke li enpòtan pou pwoteje sentete ak entegrite privilèj sa. Pandan ke menas kont Sekirite Enfòmatrik nou vin pi plozib, nou bezwen pwoyaktif an kolaborasyon nan pwoteje enfrastrikti sa. Lè nou rasanble tou moun sou tab lan, egzèsis sa yo pral prepare nou pi byen pou reponn a atak sa yo. Pi enpòtan ankò, nan travay ansanm, nou kapab ede anpeche modèl atak yo sou sistèm enfòmatrik nou yo”.

Bob Kolasky, ki se Adjwen Pa Enterim Sou Sekretè Direktwa Pwoteksyon ak Pwogram Nasyonal yo (National Protection and Programs Directorate) nan Departman Sekirite Enteryè Ameriken an, te deklare, “Egzèsis sa yo monte ak ki nizo seryozite ke otorite federal, eta ak lokal yo pran menas lan pou enfrastrikti elektoral yo, ak nivo kowoperasyon ki ap fèt pou abòde li. Ofisyèl eta ak lokal nan New York yo te pran yon seri mezi pou amelyore sekirite eleksyon yo, epi Departman Sekirite Enteryè an rete pare pou sipòte efò yo atravè egzèsis yo, pataj enfòmasyon, epi nan bay analiz ak ekspètiz enfòmatrik teknik nou an. Nou espere kontinye travay ansanm pou asire sekirite ak entegrite eleksyon fiti nou yo nan New York”.

Matthew Masterson, ki se Konseye Sekirite Enfòmatrik Siperyè nan Direktwa Pwoteksyon ak Pwogram Nasyonal yo nan DHS an, te deklare, “Departman Sekirite Enteryè an valorize patenarya nou ak Eta New York pandan ke n’ap travay ansanm pou amelyore sekirite pwosesis elektoral lan. Fòmasyon jodi a se jis yon egzanp de angajman ke Konsèy Elektoral Eta New York lan pran anvè pwosesis pou sekirize eleksyon yo kont menas enfòmatrik ak lòt menas yo. Nou pral kontinye sipòte travay Konsèy Elektoral lan pou asire ke pwosesis elektoral lan sekirize epi ke vòt abitan New York yo konte”.

Egzèsis sa yo mache nan menm liy ak inisyativ ke yo te anonse nan diskou Eta Leta 2018 Gouvènè Cuomo an, ki gen ladan yon apwòch sou kat fasèt ki pataje pa Konsèy Elektoral Eta a pou ranfòse pi plis pwoteksyon enfòmatrik yo pou enfrastrikti elektoral New York yo:

- Kreye yon Sant Sipò pou Eleksyon (Election Support Center);
- Devlope yon Twousò sipò Sekirite Enfòmatrik Eleksyon yo;

- Bay Evalyasyon sou Vilnerabilite Risk Enfòmatak ak Sipò pou Konsèy Elektoral Konte yo; epi
- Egzije Konte yo Rapòte Enfraksyon nan Done yo bay Otorite Eta yo

Menm si egzèsis similasyon yo pa pral ouvri pou popilasyon an, pral gen disponibilite pou laprès ki limite anvan chak aktivite. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, kontakte John Conklin oswa Cheryl Couser ki nan Biwo Enfòmasyon Piblik Konsèy Elektoral Eta New York lan nan [\(518\) 474-1953](tel:5184741953) oswa INFO@elections.ny.gov; oswa Kristin Devoe nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo: Kristin.Devoe@dhses.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)